



Prepare w. Rete Kouvri.

Twous zouti kominikasyon dijital

Chak ane, Eta a revize enfòmasyon manm Medicaid yo pou yo asire yo ke yo toujou elijib pou kouvèti. Antanke yon vwa yo fè konfyans nan kominote w la, ou ka ankouraje moun Rhode Islands ki elijib yo pran mezi ki pou ede yo rete kouvri nan Medicaid Nan bwat zouti sa a, w ap jwenn egzanp pòs sou rezo sosyal yo ak yon atik bilten enfòmasyon pou sansibilize sou renouvèlman Medicaid yo. Tradiksyon ak resous disponib sou staycovered.ri.gov/education-materials.

Tanpri pa ezite pataje mesaj sa yo ak rezo w la. Mèsi.



Èske w kouvri pa Medicaid?

Sa ou dwe konnen sou renouvèlman kouvèti sante ou a.

Chak ane, Eta a revize enfòmasyon manm Medicaid yo pou yo asire yo ke yo toujou elijib. Si nou gen ase enfòmasyon, n ap voye yon avi ba ou (Avi Desizyon sou Benefis) pou di ou ke nou renouvle Medicaid ou a.

Si nou bezwen plis enfòmasyon, **n ap voye de avi ba ou:**

- 1 Yon avi renouvèlman Medicaid jòn.
- 2 Yon avi blan ki mande dokiman adisyonèl.

De avi sa yo ap rive pa lapòs separeman. Siveye tou de.

3 bagay ou ka fè pou w pare epi rete kouvri.

1. **Kenbe enfòmasyon sou kont ou yo ajou** pou Eta a ka voye enfòmasyon enpòtan ba ou. Pa egzanp, ou ta dwe mete kont ou a ajou si enfòmasyon kontak ou chanje, ou jwenn yon nouvo travay, oswa ou gen yon ti bebe.
2. **Siveye kourye ki soti nan Eta Rhode Island.** Si pwogram Medicaid la bezwen plis enfòmasyon pou renouvle kouvèti w la, w ap resevwa yon avi jòn. W ap resevwa yon avi blan tou pou w mande dokiman adisyonèl. Sinon, w ap resevwa yon avi ki di kouvèti ou a ap kontinye otomatikman.
3. **Aji san pèdi tan. Si w resevwa yon avi jòn,** sa vle di Eta a bezwen plis enfòmasyon sou oumenm oswa sou moun lakay ou pou renouvle kouvèti w la. Tanpri soumèt tout enfòmasyon yo mande yo anvan dat limit ki nan avi ou a.

Gen kesyon?

Èd disponib. Rele:

- HealthSource RI 1.855.840.4774
- RI Department of Human Services 1.855.697.4347

Jere kont ou an an liy:

Ale sou healthyrhode.ri.gov oswa lè w itilize aplikasyon mobil HealthyRhode. Pou aprann plis sou renouvèlman Medicaid oswa pou konnen ki lè renouvèlman w lan ap fèt, vizite staycovered.ri.gov.

RI Medicaid vle asire li ke oumenm ak fanmi w jwenn enfòmasyon enpòtan sou kouvèti sante w. Asire w ke adrès ou ajou epi ke ou li tout sa w resevwa pa lapòs de Eta Rhode Island oswa òganizasyon Managed Care ou a. Pou aprann plis, vizite staycovered.ri.gov.

Si w jwenn asirans sante atravè Medicaid, w ap resevwa yon avi pa lapòs de Eta Rhode Island sou renouvèlman kouvèti asirans ou chak ane. Pou chèche dat renouvèlman w lan, vizite staycovered.ri.gov.

Si fanmi w gen asirans sante atravè Medicaid, w ap resevwa yon avi pa lapòs sou renouvèlman kouvèti ou chak ane. Pou plis enfòmasyon nan plizyè lang, vizite staycovered.ri.gov.

Manm Medicaid! Èske w te gen yon chanjman nan adrès, revni, kantite moun ki ap viv nan kay la, nimewo telefòn, oswa imèl? Ou ka mete enfòmasyon ou ajou nenpòt ki lè lè w vizite healthyrhode.ri.gov



Èske w kouvri pa Medicaid?

Jwenn enfòmasyon enpòtan sou pwoteksyon sante fanmi ou.





Èske w kouvri pa Medicaid?

Jwenn enfòmasyon sou renouvèlman pwoteksyon ou sou staycovered.ri.gov






Èske w kouvri pa Medicaid?

Pare w pou renouvle pwoteksyon w chak ane. Kenbe kowòdone ou yo a jou.





Èske w kouvri pa Medicaid?

W ap resevwa yon avi pa lapòs lè se tou pa ou pou renouvle.

